

PANGAJARAN NULIS MEMO

A. *NULIS*

Tujuan:

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, pendapat, dan pengalaman secara lisan maupun tulisan.

Nulis Mémo

Ayeuna urang diajar nulis mémo. Mémo eusina bisa *peringatan* teu resmi, bisa surat diplomasi, jeung bisa *saran/arahan/penerangan*. Mémo biasana digunakeun di kantoran, di antara nu kalungguhanna sadarajat atawa ti atasan ka bawahan. Mémo ditulis dina kerétas nu husus dingaranan "MÉMO" atawa dina kertas nu geus dicitak.

Mémo téh salasahiji wangu komunikasi tinulis nu ringkes", leuwih pondok batan surat-surat biasa. Najan mémo ringlces kekecapanana, tapi kudu ngagunakeun etika basa, kayaning undak-usuk, ejahanana, kalimah kudu bener luyu jeung aturan, sangkan nu maca gampang ngartieun pamaksudan nu nulis mémo.

Pikeun bahan picaritaeun dina mémo nu rek disusun, ieu di handap aya prosa deskripsi bisa dibaca heula.

MIELING TEPUNG TAUN KA-50

Kagiatan ngalaksanakeun tepung taun proklamasi anu ka-50 di wewengkon kacamatan kuring rada rohaka ti biasana. Lembur-lembur digeulisan dipager umbul-umbul, ditaretes lampu hias, riteup cahayana.

Anu marilu upacara harita henteu katampung ku lapang, ngeleb ka kebon-kebon luareun lapang. Kamo anu lalajo upacara mah henteu kacatur lobana.

Rombongan anu rek milu upacara daratang ti unggal madhab bari arak-arakan. Aya rombongan nu ngarak congco tjangkungna lima meter, nu ngarak gotongan hasil bumi pentesan, nu ngarak bayi sehat, nu ngarak *kaligrafi* tulisan Arab, nu ngarak badawang, jeung réa-réa deui.

Di antara arak-arakan nu jadi kacapangan mah, arakan bayi sehat dina gorobag hias. Nu jadi oorokanana bayuhuh burayut, kumisna ngajebag. Éta oorokan téh oa-ooan nangkarak dina luhur gorobag. lindunganana rambay ku janggot, tarangna pinuh ku boboreh siga nu hudang ngalahirkeun. Paripolah jeung ucapan-ucapanna téh pikaseurieun wungkul, komo mun keur nyalinan popok orok, orokna ogé teu kuateun nahan seuri. Éta deuih dibebengkungna sapa- parat jalan mani teu anggeus-anggeus, da paciweuh jeung ngurusan orok.

Kaayaan di lapang waktu anyaran daratang nu rek upacara ngaguruh teu puguh dedengean, tapi ari geus disiapkeun ku pamingpin upacara mah kabéh ge euweuh nu wani nyoara.

Pelaksanaan upacarana saperti sasari maké lengkah-lengkah acara upacara nu geus baku.

Nu jadi pejabat pembina upacarana pa camat. Hirup biantarana, Éta deuih ku bisaan mapag *detik-detik proklamasi* dina keur lumangsung biantara Barang hieng srine tangara detik-detik proklamasi tabuh sapuluh pas disada, ku pa carnat langsung dipapag ku ucapan "MERDÉKA!" bari ngangkat peureup. Ucapan merdéka ti pa camat dipairan ku borobotna sora tembakan nu dibekaskeun ka awang-awang. Kitu deui, sora tatabeuhan ngagedér marengan hiengna srine.

Reres detik-detik proklamasi, derengdeng deui bapa camat biantara dugi ka lekasan.

Kagiatan hiburan sabangsa tarik tambang, balap karung, jeung maen rebutan, éta ogé diayakeun saperti sasari tujuh belas agustusan. Éta mah diayakeunana di RT/RW masing-masing sanggeus upacara.

Sababaraha poé ti sanggeus upacara, lapang urut upacara téh dieusi ku rupa-rupa hiburan, ti mimiti tari-tarian barudak nepi ka wayang golek.

Tah kitu kagiatan di wewengko6 kacamatan kuring téh, basa ngareuah-reuah mireueus ibu pertiwi nyandang gelar Indonésia Emas dina tepung taun proklamasi kamerdékaan nu ka-50.

Tina wacana di luhur bisa dijieu rupa-rupa mémo. Upamana mémo ti camat ka lurah nu nyarankeun sangkan masarakat ngapur imahna jeung ma-sang umbul-umbul. Ti lurah ka RK/RW supaya ngagerakkeun hansip milu upacara. Ti RW ka RT/rahayat ngajak arak-arakan bareng ka tempat upacara, jsb.

Ieu di handap aya hiji conto mémo pikeun bahan babandingan.

KANTOR PEMERINTAH KECAMATAN MANDALAWANGI
Jalan Terusan Mengger Pandeglang

25 Juli 2003

MÉMO

Pangatur Upacara; laporan rencana acara upacara 17 Agustus 2003 diantos di kantor

Camat,

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Eusi mémo biasana
 - A. diplomasi, saran/arahan/penerangan
 - B. bukti panarimaan barang
 - C. béja nu gancang batan surat kilat
 - D. surat kaputusan ti atasan
2. Mémo téh salasahiji wangun
 - A. komunikasi lisan
 - B. komunikasi tinulis
 - C. télégram
 - D. surat pribadi
3. Mémo ditulis dina kerétas nu husus dingaranan "MÉMO" atawa dina kertas nu geus dicitak. Panjang mémo biasana
 - A. sarua jeung surat
 - B. leuwih panjang ti surat
 - C. leuwih pondok ti surat
 - D. sarua jeung télégram

Jawab ieu soal!

4. Tulis mémo nu eusina rombongan upacara kudu ngarak kamonesan has daerah!
5. Susun mémo nu eusina rombongan pengibar bandéra kudu latihan di lapang upacara!

B. MACA

Tujuan:

12. Siswa mampu mengapresiasi berbagai bentuk, isi, dan jenis karya sastra serta mendiskusikannya.

Macak Sajak

INDONÉSIA EMAS

Tujuh belas Agustus 1945
Indonesia merdeka
leupas tina ranggeuman penjajah
merdeka
cahaya hibar nyaangan bangsa
bangsa Indonsia
lemah cai ibu pertiwi asri
jalan harepan natrat
dipaju unggal waktu
teu karasa
lima puluh taun Indonésia merdeka
ngajurungkunung nangtung
nangtung na tangtungan
Indonésia digjaya
merdeka emas gumilang

Sajak Indonésia Emas ayeuna urang apresiasi dumasar kana unsur-unsurna, saperti téma, rasa, nada, jeung amanat.

a. Téma:

Indonésia merdeka

b. Rasa:

Kaayaan Indonésia merdeka ngadatangkeun rasa tengtrem, senang, reueus, jeung sumanget ka wargana

- **Rasa tengtrem**, kaayaan hate ayem henteu marudah. Saha nu ngarasa tengtrem, tangtuna warga nagara Indonésia anu nagarana geus merdeka. Ngeusian nagara teu haringhang, teu marudah hate sabab kaayaan nagara geus aman, henteu saperti keur dijajah loba kahariwang jeung kasieun.
- **Rasa senang**, ngeunah hate. Biasana ari dijajah mah loba kateupanuju, utamana nagara diranjah deungeun jeung hasil kesang dikeruk dibawa ka nagara deungeun. Sanggeus gubrag mendeka taun 1945 bangsa Indonésia bebas tina katugenah bieu. Gawé beurat dianggap jamak, da keur kapentingan sorangan jeung keur kapentingan nagara.
- **Rasa reueus**, batin warga nagara Indonésia ngarasa bagja boga nagara merdeka nepi ka bisa nyandang gelar Indonésia emas.
- **Rasa sumanget**, lelembutan nu nimbulkeun kahayang. Nagara In- donesia aman, warga nagarana beuki rajin, beuki motekar, ngolah lemah cai ibu pertiwi. Dipalar nagara bisa leuwih maju jeung kamerdekaan bisa kapertahankeun saeneng-eneng.

c. Nada :

Nada bungah leuwih nembrak dina ungkara kalimah jajaran ka-11 nepi ka-16.

d. Amanat :

Nagara merdéka ngeunah batan nagara dijajah. Ku kituna, pertahankeun jeung pulasara terus nagara Indonésia sangkan henteu kaalaman deui dijajah.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Téma sajak Indondsia Emas
 - A. Indonésia teu dijajah .
 - B. Indonésia digjaya
 - C. Ibu pertiwi asri
 - D. Indonésia merdéka
2. “Leupas tina ranggeuman panjajah” kitu dina sajak Indonésia Emas.
Éta ngandung rasa
 - A. reueus
 - B. sumanget
 - C. tengtrem/senang
 - D. peunggas harepan
3. Kecap “gumilang” dina sajak Indonésia Emas ngandung nada
 - A. reuwas
 - B. bungah
 - C. asih
 - d. sumanget

Jawab ieu soal!

4. Kumaha amanat sajak Indonésia Emas?
5. Nada naon baé nu aya dina sajak Indonésia Emas?